

Newsgroup CreoList

15. Dezember 1999

Mèsi konpatryòt,

[1] Kòm Ayisyen konsène, ou touche kèk bèl pwen nan ti kòmantè anba a. Donk, se sa n ap chache pou pataje ak ekip la, tout pwen nesèsè natif ka souleve pou n analize avan TABLO REZILTA FINAL la publiye. Pou antre nan kesyon 'kreyòl pale' ak 'kreyòl ekri', se yon lòt pwen enpòtan ou touche. Nan kad 'Jezu' ou mansyone a, wi ou tande son 'u' nan pale kèk moun ki bileng nan pwononsiyasyon kèk mo konsa. Men Majorite Ayisyen pa 'pwenti bouch' yo tou e yo pa bileng nonplis (pou ta gen yon enfliyan Fransè nan pwononsiyasyon kèk mo) donk 'Jezi' pase deja an majorite kòm nòm ekri a (si n konsilte plizyè dokiman ki ekri an kreyòl aktyèlman).

[2] Gen agiman sou inekzistans son 'u' an kreyòl (ki ta ekziste pito an Fransè) donk ankò, byenke ou ta tande kèk Ayisyen pwononse l, pousantay la minim. Gen yon seri son tou ki kab analize kòm 'lyezon an kreyòl'. Se vre nou pwononse ka yo 'alafransèz' lè n ap pale (san se pa yon chwa nou fè) men sipoze gen yon nòmalizasyon ki fèt lè n ap ekri; se ekzanp 'peyi d Ayiti (Dayiti)' vs. 'peyi Ayiti' (ki ta dwe nòm ekri a). Nyans sa a ekziste tou nan 'fransè pale' (ekz. 'les enfants', 'les anciens'... ['liaison obligatoire']) men nan ekri, gen yon nòm pou suiv kote nou pa wè yo ekri 'Z' devan 'enfants' ni devan 'ansyen' men prezans 'Z' la la o nivo pale.

[3] Nou konn enfliyan 'lyezon' sa a se yon enfliyan Fransè, donk meye a se ta chwazi 'peyi Ayiti' (la a nou nou netralize l ak eliminasyon 'lyezon obligwa' a 'd' o nivo pale / ekri) epi 'd' pa gen yon enpòtan semantik la a pou l ta jwe yon wòl 'posesif' an kreyòl menm si nou ta eseye vin ak tout lojik pou ta sipòtè l.

Kenbe !
E.W.Vedrine

Das ist die Botschaft, auf die Védrine antwortet :

Monchè Vedrine,

[4] Mwen felisite w [ich beglückwünsche dich] sou zafè otògraf la [zu der Orthographie-Sache] ou deside mete sou pye [die du auf die Beine stellen willst]. Sa se yon gwo problèm [Das ist ein großes Problem] n ap viv jodi a [das wir heute erleben] paske pa genyen yon refòm [denn es gibt keine Reform] ki fèt aprè otògraf 1979-1980 yo [die nach den Orthographien von 1978-1980 gemacht wurde], mwen kwè revize otògraf la [ich glaube, dass die Orthographie revidieren] se yon gwo travay [eine große Arbeit ist] pou nou eseye mete sou pye [die wir in Angriff nehmen sollten]. Daprè otògraf estanda a gen anpil lèt [Nach der Standard-Orthographie gibt es viele Buchstaben], mwen konfonn sou yo [die ich verwechsle]. M ap mande m [ich frage mich] èske vrèman nou ayisyen itilize yo [benützen wir Haitianer sie wirklich] lè n ap pale [wenn wir sprechen], (i.e lèt h ak gn [i.e. Buchstaben h und gn]). Gen anpil ankò [es gibt noch viele]. . .

[5] Lòt pwoblèm mwen jwenn [Das andere Problem für mich ist] se Kreyòl ekri ak Kreyòl pale [das geschriebene und das gesprochene Kreol]. Anpil ayisyen pale lang lan diferan ke fason yo ekri l [viele Haitianer sprechen die Sprache anders als sie sie schreiben]. Lese m pran mo "Jezi" pa egzanp [lass mich das Wort 'Jezi' als Beispiel nehmen], anpil moun nan langaj pale [viele Leute in der gesprochenen Sprache] ap di "Jezu" [sagen 'Jezu'] e menm moun ki konsène sou zafè lang lan [und selbst Leute, die sich in der Sprache auskennen] prononse non an menm fason an [sprechen den Namen in gleicher Weise aus]. Alò, si yon moun ap aprann lang lan [Also, wenn jemand die Sprache lernt] kòman nou kapab envite pwoblèm sa [wie können wir dieses Problem vermeiden] ?

Pòl